



# Sa ou Dwe Konnen sou: Maladi Periodontal, Prevansyon, e Oumenm

## Fè pwòp defansè sante ou!

- Avantaj Medicaid ou yo gen ladan pwoteksyon dantè
- Sèvi ak avantaj dantè ou yo pou ede w gen yon bouch ki an sante.

## Avantaj dantè Medicaid sa yo ka ede w anpeche maladi periodontal yo:

- Woutin egzamen dantè, radyografi, ak netwayaj
- Konsèy pou ede w kite fimèn.

**Si w gen nenpòt kesyon sou itilizasyon avantaj ou yo, rele nimewo telefòn ki endike sou do kat Medicaid ou a.**



Elimine PLAK. Bwose 2 fwa pa jou ak dantifris fliyò.



Gade dantis ou regilyèman pou egzamen woutin, radyografi, ak netwayaj.



Manje yon rejim ki bon pou sante ki gen grenn antye, fwi ak legim.



Netwaye oswa pase fil nan fant dan ou chak jou.



Eseye konsèy pou ede w kite fimèn.

## KONPRANN MALADI PERIODONTAL

### Èske ou te konnen...?

- Yo rele Periodontitis tou **maladi jansiv**. Li se yon enfeksyon grav jansiv la.
- Maladi Periodontal PLAK ki lakòz li. Plak se yon kouch bakteri mou, kolan ki ka akimile sou dan ou.
- Plak yo domaje tisi mou yo. San tretman, li ka detwi zo ki sipòte dan ou yo. Sa ka lakòz dan yo lach ak sansib ak/oswa pèt dan an.

### Kat Etap Maladi Periodontal:

#### Etap 1: Gingivitis

- Enflamasyon jansiv san pèdi zo.

#### Etap 2: Periodontitis Prekòs

- Enflamasyon jansiv yo ak tisi ki antoure yo lakòz pèt zo bonè.

#### Etap 3: Periodontitis modere

- Enflamasyon jansiv yo ak tisi ki antoure yo lakòz pèt zo modere.

#### Etap 4: Periodontitis avanse

- Enflamasyon jansiv yo aktisi antoure yo lakòz pèt zo grav.

### Lòt Kalite Maladi Periodontal:

#### Ilsè Necrotize Egi Gingivitis Aktiv (ANUG)

- Yon kalite maladi Periodontal grav ak douloure ki lakòz gwo maleng nan bouch la. Li anjeneral koze pa move ijyèn oral ak rejim alimantè ki pòv.

#### Gingivitis Gwosès

- Sa rive souvan kay fanm ki ansent yo epi se chanjman òmòn yo pandan gwosès la ki lakòz li.

### Siy Avètisman Maladi Periodontal yo:

- Movèz alèn ki pa ale
- Jansiv wouj, anfle oswa senyen
- Jansiv bak oswa dan ki parèt pi long
- Difikilte pou moulen
- Dan ki lach oswa sansib

### Faktè Risk pou Maladi Periodontal yo:

- Move ijyèn bouch
- Fimèn
- Diabetes
- Pran medikaman ki lakòz bouch sèk
- Chanjman òmòn fi, tankou gwosès oswa itilizasyon kontraseptif oral
- Iminodefisyans ki kache (egzanp, SIDA)
- Eredite
- Strès

## ANPECHE MALADI PERIODONTAL

### Kisa ou kapab fè?